



Deklarasyon DHS sou Sekirite ak Aplikasyon Lwa Imigrasyon Pandan Tanpèt Tropikal Fred la

Pibliye: 16 Out 2021

Depatman Sekirite Teritoryal la (DHS) ap siveye ak atansyon enpak potansyèl Tanpèt Tropikal Fred la. Priyorite prensipal nou konsantre sou prezèvasyon lavi ak sekirite.

Nan konsiderasyon evènman sa yo, Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) ak Ladwàn ak Pwoteksyon Frontyè a (CBP) raple piblik la ke ICE ak CBP konsantre resous limite yo sou sekirite nasyonal, sekirite fwontyè, ak menas kont sekirite piblik.

Nan absans sikonstans ekstraòdinè, yo pa pral antreprann ranfòsman imigrasyon nan zòn kote yo ap bay sekou pou ijans ak katastwòf ki gen rapò ak tanpèt sa a, tankou sou wòld evakyasyon yo, anplasman ke yo itilize pou azil oswa distribisyon atik dijans, manje ak dlo oswa anplas pou anrejistreman pou èd ki gen pou wè avèk katastwòf oswa reyinifikasyon fanmi ak moun ki pwòch yo.

Fonksyonè DHS yo pap epi yo pa pral pase pou moun kap bay enfòmasyon ki asosye avèk ijans pou yo ta mennen aktivite ranfòsman.